

BAB III


PADIKA PANALUNGTIKAN

Métode panalungtikan nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta panalungtikan kualitatif. Panalungtikan kualitatif nyaéta panalungtikan nu dimaksud pikeun maham kana kaayaan ngeunaan naon nu karandapan ku objék panalungtikan saperti paripolah, pamikiran, motivasi, tindakan, jrrd. Ratna (2013) nétélakeun yén métode déskriptif analitik mangrupa cara pikeun ngadéskripsikeun fakta-fakta nu ditalungtik. Métode ieu dipaké sabab nyumponan kabutuhan analisis struktur narasi dina komunikasi fakta caritaan. Ngaliwatan analisis narasi jadi bisa maham kana pesen nu ditepikeun dina novel liwat carita. Jadi, narasi mangrupa wangun wacana nu ngajéntrékeun hiji kajadian minangka pamaca ngalaman dina kajadian.

3.1 Désain Panalungtikan

Désain panalungtikan mangrupa bagan anu eusina tahapan panalungtikan ti mimiti tatahar nangtukeun rumusan masalah nepi ka nyieun kacindekan tina hasil panalungtikan. Nurutkeun Sukardi (dina Sugiyono, 2013, kc. 38) désain panalungtikan minangka hiji rarancang pikeun ngalaksanakeun panalungtikan, ku cara ngumpulkeun data jeung nganalisis data, nepi ka ngahasilkeun data nu hadé.

Désain panalungtikan pikeun ngagambarkeun léngkah-léngkah dina ngalaksanakeun panalungtikan, nu dimimitian ku (1) nangtukeun rumusan masalah, (2) nyieun watesan masalah, (3) talaah pustaka, (4) ngumpulkeun data ngagunakeun kartu data, (5) ngolah data hasil panalungtikan ku cara nganalisis data dumasar ulikan anu digunakeun, jeung (6) nyieun kacindekan tina hasil panalungtikan. Anapon désain anu digunakeun dina ieu panalungtikan digambarkeun dina bagan 3.1.



Bagan 3.1 Désain Panalungtikan

3.2 Prosedur Panalungtikan

Dina ieu prosedur panalungtikan digunakeun pikeun téhnik ngumpulkeun jeung ngolah data ieu panalungtikan nyaéta:

- 1) Mimiti nangtukeun judul, nyieun rumusan masalah tur nangtukeun instrumén panalungtikan anu digunakeun;
- 2) Panalungtik tuluy talaah pustaka;
- 3) Ngolah data nu geus nyampak tuluy dipindahkeun kana tabél kartu data digital;
- 4) Ngasupkeun kodé kana data nu geus nyampak;

Ramzi Shobaruddin, 2025

NOVEL KALANGKANG JAPATI KARYA AAM AMILIA (Ulukan Naratologi jeung Romantisme)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

- 5) Nganalisis jeung ngaklasifikasi data nu geus nyampak sanggeus studi pustaka; jeung
- 6) Panalungtik nyieun kacindekan.

3.3 Téhnik Panalungtikan

Dina téhnik panalungtikan ieu maluruh ngeunaan téhnik ngumpulkeun data jeung ngolah data ieu panalungtikan.

3.3.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Ngumpulkeun data ieu panalungtikan nyaéta téhnik studi pustaka atawa talaah pustaka. Data dihasilkeun ku cara maca gemet dina novel “*Kalangkang Japati*” saterusna milih data nu jadi fokus ieu ulikan ditulis atawa dicirian. Dina ieu panalungtikan data nu geus aya diulik kana struktur naratif romantisme nu kaalaman ku tokoh utama.

Téhnik ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan ngagunakeun talaah pustaka. Jadi, téhnik talaah pustaka digunakeun ngumpulkeun data ku cara maca sumber data nyaéta novel *Kalangkang Japati* karya Aam Amilia ogé data anu ngarojong jeung raket patalina kana struktur naratif jeung aspék romantisme dina karya sastra.

3.3.2 Téhnik Ngolah Data

Téhnik ngolah data nu digunakeun nyaéta téhnik analisis struktur naratif jeung téhnik analisis romantik dina ieu panalungtikan. Téhnik analisis struktur naratif diturunkeun tina tiori ti Gérard Génette jeung téhnik analisis romantik tiori Robert J. Sternberg. Data anu dijadikeun bahan pikeun dianalisis struktur naratif jeung romantik nyaéta novel *Kalangkang Japati*.

3.4 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan mangrupa alat nu digunakeun pikeun nyangking data (Siswanto, 2010, kc. 73). Instrumén anu digunakeun nyaéta kartu data. Kartu data

digital digunakeun pikeun nyutat sempalan carita anu nuduhkeun kana struktur naratif jeung romantisme anu aya dina novel *Kalangkang Japati*.

3.4.1 Instrumén Ngumpulkeun Data

Nurutkeun Sugiyono (2013, kc. 224) ngumpulkeun data dilaksanakeun dina sababaraha sumber jeung cara. Instrumén anu digunakeun dina ngumpulkeun data ieu panalungtikan nya éta kartu data digital. Kartu data digital digunakeun pikeun ngababarikeun milih jeung milah data anu kapanggih tina téks sumber data panalungtikan. Sangkan leuwih jéntré ieu conto-conto kartu jeung tabel anu digunakeun pikeun ngumpulkeun data nu kapaluruh dina novel *Kalangkang Japati* karya Aam Amilia.

1) Kartu Data Digital Naratologi

Dina ieu kartu data digital wangun tabél 3.1 dugi ka tabél 3.5 anu ngawengku data naratologi runtuyan naratif, durasi, frekuensi, modus, jeung sora naratif.

Kartu Data Runtuyan Naratif (<i>Order</i>)	
Kode Data:	
Cutatan:	

Gambar 3. 1 Kartu Data Digital Runtuyan Naratif

Keterangan:

KJ : Kalangkang Japati
 É : Épisode
 KC : Kaca
 P : Paragraf

Kartu Data Durasi Naratif (<i>Duration</i>)
Kode Data:
Cutatan:

Gambar 3. 2 Kartu Data Digital Durasi Naratif

Keterangan:

KJ : Kalangkang Japati
 É : Épisode
 KC : Kaca
 P : Paragraf

Kartu Data Frekuensi Naratif (<i>Frequency</i>)
Kode Data:
Cutatan:

Gambar 3. 3 Kartu Data Digital Frekuensi Naratif

Keterangan:

KJ : Kalangkang Japati
 É : Épisode
 KC : Kaca
 P : Paragraf

Kartu Data Modus Naratif (<i>Mood</i>)
Kode Data:
Cutatan:

Gambar 3. 4 Kartu Data Digital Modus Naratif

Ramzi Shobaruddin, 2025

NOVEL KALANGKANG JAPATI KARYA AAM AMILIA (*Ulukan Naratologi jeung Romantisme*)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Keterangan:

KJ : Kalangkang Japati

É : Épisode

KC : Kaca

P : Paragraf

Kartu Data Sora Naratif (<i>Voice</i>) Kode Data: Cutatan:
--

Gambar 3. 5 Kartu Data Digital Sora Naratif

Keterangan:

KJ : Kalangkang Japati

É : Épisode

KC : Kaca

P : Paragraf

2) Kartu Data Digital Romantisme

Dina ieu kartu data digital wangun tabél 3.6 baris maluruh data romantisme nu ngawengku kaintiman, napsu, jeung komitmen.

Kartu Data Romantisme (Kaintiman, napsu, jeung komitmen) Kode Data: Aspek romantik: Cutatan:
--

Gambar 3. 6 Kartu Data Digital Romantisme

Keterangan:

KJ : Kalangkang Japati

É : Épisode

KC : Kaca

P : Paragraf

Ramzi Shobaruddin, 2025

NOVEL KALANGKANG JAPATI KARYA AAM AMILIA (Ulukan Naratologi jeung Romantisme)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Ieu di handap mangrupa sababaraha conto kartu data digital dina wangun tabél 3.7 dugi ka 3.12 anu eusina ku hasil maluruh data naratologi jeung romantisme tina novel *Kalangkang Japati* karya Aam Amilia.

Kartu Data Runtuyan Naratif (<i>Order</i>)
Kode Data: KJ/1/7/6
Cutatan: “Tong ngajual kageulisan, ari teu boga duit mah. Tong sok sosial! Berkedok sosial, padahal awéwé tukang morot duit salaki batur.”

Gambar 3. 7 Conto Kartu Data Digital Runtuyan Naratif

Kartu Data Durasi Naratif (<i>Duration</i>)
Kode Data: KJ/1/19/5
Cutatan: Teuing aya tanaga ti mana, Anggina ujug-ujug kuat nangtung.

Gambar 3. 8 Conto Kartu Data Digital Durasi Naratif

Kartu Data Frekuensi Naratif (<i>Frequency</i>)
Kode Data: KJ/3/74/2
Cutatan: Ari anu masih kénéh jadi bangbaluh batinna, nu ngarinjeum duit, can aya nu mulangkeun.

Gambar 3. 9 Conto Kartu Data Digital Frekuensi Naratif

Kartu Data Modus Naratif (*Mood*)

Kode Data: KJ/3/48/1

Cutatan: Asa kaciptaeun kénéh ku Anggina kajadian sababaraha waktu kalarung. Malah asa cikénéh kajadianna, basa dina obrolan munggaran saréréa nétélakeun ka Anggina.

Gambar 3. 11 Conto Kartu Data Digital Modus Naratif

Kartu Data Sora Naratif (*Voice*)

Kode Data: KJ/5/132/1

Cutatan: Poé nu danti teu burung datang. Jéy nyampeur Anggina. Biasana mah sok kana jip, ayeuna mah kana sédan, rék ulin saperti anu geus dijangjikeun.

Gambar 3. 10 Conto Kartu Data Digital Sora Naratif

**Kartu Data Romantisme
(Kaintiman, napsu, jeung komitmen)**

Kode Data: KJ/5/144/1

Aspek romantik: Napsu

Cutatan: Lalaki kawas kieu nu ditéangan ku manéhna téh. Sajalan dina mikir, henteu ngobrol jangji atawa hambur muji kageulisanna.

Gambar 3. 12 Conto Kartu Data Digital Romantisme

3.4.2 Instrumén Ngolah Data

Sanggeus ngumpulkeun data nu kapaluruh Instrumén ngolah data digunakeun kartu analisis data runtuyan naratif, digital, tuluy mindahkeun data nu geus aya sangkan diolah ngaliwatan analisis naratif nurutkeun Gérard Génetté jeung romantisme Robert J. Sternberg dina novel *Kalangkang Japati* karya Aam Amilia.

Ieu kartu analisis data téh penting pisan pikeun panalungtikan, sabab dina instrumén ngolah data tangtu mangaruhan kana lajuning laku téhnik nu baris dipedar.

Sabada data kapaluruh ogé dikumpulkeun dina kartu data digital, tuluy dianalisis ngagunakeun kartu analisis data nu ngawengku analisis data runtuyan naratif, durasi, frekuensi, modus, jeung sora naratif. Tabel 3.13 kartu analisis data runtuyan naratif nu ngawakilan analisis data naratologi.

Naratologi:	
Cutatan:	
	(Kode Data)
Analisis:	

Gambar 3. 14 Kartu Analisis Data Digital Runtuyan Naratif

Naratologi:	
Cutatan:	
	(Kode Data)
Analisis:	

Gambar 3. 13 Kartu Analisis Data Digital Durasi Naratif

Naratologi:	
Cutatan:	
	(Kode Data)
Analisis:	

Gambar 3. 15 Kartu Analisis Data Digital Frekuensi Naratif

Naratologi:	
Cutatan:	
	(Kode Data)
Analisis:	

Gambar 3. 17 Kartu Analisis Data Digital Modus Naratif

Naratologi:	
Cutatan:	
	(Kode Data)
Analisis:	

Gambar 3. 16 Kartu Analisis Data Digital Sora Naratif

Ieu tabel 3.18 kartu analisis data romantisme, ieu instrumén téh digunakeun pikeun nganalisis data nu kapaluruh dina kartu data digital.

Romantisme:	
Cutatan	
	(Kode Data)
Analisis:	

Gambar 3. 18 Kartu Analisis Data Digital Romantisme

Ieu tabél 3.19 conto kartu analisis data naratologi nu ngawakilan pikeun maluruh data nu dianalisis dina runtuyan naratif.

Naratologi: Anakroni analepsis (<i>Flashback</i>)	
Cutatan: Bray dina ingetan Anggina, kana kajadian sakitu taun ka tukang. Harita babarengan miluan wawanohan jadi anggota Paguyuban Nonoman Sunda.	
	(KJ/3/54/9)
Analisis: Dina data nu kapaluruh didieu ngagunakeun pola runtuyan naratif anakroni <i>flashback</i> sabab éta waktu penceritaan tokoh utama nu nginget ngaran Jéy, jeung tina tiap épisodena aya kalimah ngeunaan tokoh utama ngahuleng kana kajadian nu geus kaliwat.	

Gambar 3. 19 Conto Kartu Analisis Data Digital Runtuyan Naratif

Ramzi Shobaruddin, 2025

NOVEL KALANGKANG JAPATI KARYA AAM AMILIA (*Ulukan Naratologi jeung Romantisme*)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Naratologi: Jeda (*pause*)

Cutatan: Teuing aya tanaga ti mana, Anggina ujug-ujug kuat nangtung. Ka imah, Anggina langsung ménta kamar tukang dibérésan, ganti sepré jeung sarung bantalna, sadiakeun sajadah jeung sarung.

(KJ/1/19/5)

Analisis: Dina ieu narasi yén durasi naratif jeda (*pause*) téh ngajéntrékeun Anggina ujug-ujug kuat nangtung, sabab saacanna Anggina cicing waé di kamar nu teu daék kaluar jeung ngahuleng waé kajadian nu geus kalarung. Kaasup jeda sabab eusi naratifna diseselan ku carita séjén.

Gambar 3. 21 Conto Kartu Analisis Data Digital Durasi Naratif

Naratologi: Teknik fokalisasi nol

Cutatan: Asa kaciptaeun kénéh ku Anggina kajadian sababaraha waktu kalarung. Malah asa cikénéh kajadianna, basa dina obrolan munggaran saréréa nétélakeun ka Anggina.

(KJ/3/48/1)

Analisis: Ieu datana téh narator ngajéntrékeun yén masalah-masalah nu kalarung ku Anggina kasuat-suat.

Gambar 3. 20 Conto Kartu Analisis Data Digital Modus Naratif

Naratologi: Representasi anaforis

Cutatan: BURUDUL deui japati sabubuhan, ngareureuwas Anggina nu keur ngumbar panglamunan.

(KJ/2/32/4)

Analisis: Ieu data mangrupa representasi anaforis sabab penceritaan sababaraha kali naon nu kajadian ku tokoh utama jeung unggal sababaraha episode aya kalimah ngeunaan panglamunan atawa ngahuleng.

Gambar 3. 22 Conto Kartu Analisis Data Digital Frekuensi Naratif

Naratologi: Naratif mangsa ka tukang (*subsequent*)

Cutatan: Dina waktuna, naon nu dipaké salempang téh teu kajadian. Sémah merul, kawasna kabéh nu geuli meuli tikét daratang. Malah lain sacutik anu mayar dina lawang asup.

(KJ/3/49/3)

Analisis: Ieu data mangrupa peristiwa mangsa ka tukang nu kaalaman ku tokoh utama ngeunaan suksésna kagiatan malam amal, ieu narasi téh kaasup kana waktu penceritaan keur nginget kajadian nu geus kaliwat.

Gambar 3. 23 Conto Kartu Analisis Data Digital Sora Naratif

Ramzi Shobaruddin, 2025

NOVEL KALANGKANG JAPATI KARYA AAM AMILIA (*Ulukan Naratologi jeung Romantisme*)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Ieu tabél 3.24 conto kartu analisis data romantisme nu ngawengku kaintiman, napsu, jeung komitmen.

Romantisme: Napsu Cutatan: Lalaki kawas kieu nu ditéangan ku manéhna téh. Sajalan dina mikir, henteu ngobral jangji atawa hambur muji kageulisanna. (KJ/5/144/1) Analisis: Data nu kapaluruh ieu téh kaasup romantisme napsu, sabab tokoh utama miboga napsu pikeun boga kritéria lalaki nu dipikahayang.
--

Gambar 3. 24 Conto Kartu Analisis Data Digital Romantisme

3.5 Data jeung Sumber Data Panalungtikan

Dina ieu subbab baris ngaguar data jeung sumber nu digunakeun dina ieu panalungtikan. Ogé dina sumber data diijéntrékeun deui ngeunaan idéntitas buku, ringkesan, jeung biografi pangarangna.

3.5.1 Data Panalungtikan

Data dina ieu panalungtikan nyaéta sakumna informasi ngeunaan struktur naratif jeung unsur romantisme dina novel *Kalangkang Japati*. Struktur naratif nurutkeun Gérard Genette ngawengku data urutan (*order*), durasi (*duration*), frekuensi (*frequency*), modus (*mood*), jeung sora (*voice*). Anapon ti struktur naratif carita, nyaéta informasi ngeunaan narasi nu aya dina carita ogé medar unsur romantisme dina tiori Robert J Sternberg ngawengku kaintiman (*intimacy*), napsu (*passion*), jeung komitmen (*commitment*).

3.5.2 Sumber Data Panalungtikan

Arikunto (2013) nétélakeun sumber data nyaéta subjék nu digunakeun pikeun nyangking data panalungtikan. Sumber data dina ieu panalungtikan nyaéta novel

Ramzi Shobaruddin, 2025

NOVEL KALANGKANG JAPATI KARYA AAM AMILIA (*Ulukan Naratologi jeung Romantisme*)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Kalangkang Japati karya Aam Amilia anu diterbitkeun ku Pustaka Jaya Bandung taun 2019. Kandelna ieu novel téh 168 kaca.

3.5.2.1 Novel Kalangkang Japati

1) Idéntitas Buku


Judul : Kalangkang Japati

Pangarang : Aam Amilia

Kandel : 168 kaca

Pamedal : Pustaka Jaya

Taun : 2019



Gambar 3. 25 Jilid Buku Novel *Kalangkang Japati*

2) Ringkesan Novel

Ieu novel nyaritakeun lalakon tokoh Anggina atawa ngaran séjénna disebut ”Kalangkang Japati” nu sapopoé gawé di *event organizer*, ngarangkep pangurus Asrama Pahatu lalis nu diadegkeun ku akina di Kota Kembang. Hiji waktu, inyana nandangan pitenah ti salah saurang pamajikan donatur. Pajar téh cenah “Tong so sosial! Berkedok sosial, padahal awéwé tukang morot duit salaki batur.” Tangtu pohara matak jaheut kana haténa. Pikeun ngabangbrangkeun kapeurih tina éta pitenah. Anggina miang ka nagri Walanda. Sajeroning kitu, weléh mikiran saha donatur nu ngalantarankeun pitenah ka manéhna. Naha Langga salaku pangusaha jugala nu kungsi neundeun haté ka Anggina atawa Jéy sebutanna Maung Lugay di Paguyuban Nonoman Sunda?.

3.5.2.2 Pangarang Sunda Aam Amilia



Gambar 3. 26
Biografi Aam Amilia

Aam Amilia dibabarkeun Cicalengka, Bandung, dina kaping 21 Desember 1946. Aam Amilia nyuprih élmu ti SD nepi SMA di Bandung. Tuluy asup paguron luhur di Fakultas Hukum UNPAD nepi ka jadi sarjana muda. Carpon munggaran ditulis dina basa Indonesia jeung medal di “*Kuntum Mekar*” Pikiran Rakyat waktu inyana umur 15 taun. Karya Aam dina basa Sunda munggaran diterbitkeun di *Manglé* taun 1963, waktu keur SMA judulna “*Timburu*”.

Nepi ayeuna, Aam medalkeun buku nepi ka 200-an carpon basa Sunda, 50-an carpon basa Indonesia, jeung sababaraha novel basa Sunda, di antarana: *Asmara Ngambah Sagara* (1970); *Puputon* (1979); *Jangji Asih* (2017); *Kembang-kembang Anten* (2014); *Kalangkang Japati* (2019); jeung *Imah Agréng* (2021). Kurang leuwih 50-an carpon Sunda nu dikumpulkeun dina antologi nu judulna *Panggung Wayang*.

Aam Amilia dipikawanoh salaku pangarang Sunda jeung wartawan, salian jadi redaktur di *Manglé* ogé di *Pikiran Rakyat* salaku wartawan. Di *Pikiran Rakyat* Minggu inyana ngaping rubrik tetep “*Sekelumit Romantika Kehidupan*” nu diangkat asalna tina carita kahirupan hiji jalma, carita nu mangaruhan pamaca kana rasa simpati jeung empati. Sabab jasa-jasa na dina sastra Sunda Aam dilélér Hadiah Sastra Rancagé taun 2015 (Isnendes, 2017, kc. 50-53).